

## ***Enstriksyon Alavans – Advance Directives – Haitian Creole*** ***Fè Konnen Kisa w Swete – Making Your Wishes Known***

Li enpòtan anpil pou founisè swen sante w la ak fanmi ou pou yo konnen kisa ki pi enpòtan pou ou pou nou ka onore souwè ou. **Enstriksyon Alavans** yo gide lòt moun pou pran desizyon medikal ou ta dwe pran ou menm si w paka pale. Pake sa a genyen ransèyman jeneral ak fòmilè Enstriksyon Alavans pou ranpli, ki genyen yon fòmilè Deziyasyon Ranplasan ak yon Testaman.

### **Kisa mwen dwe fè lè m fin ranpli fòmilè Enstriksyon Alavans lan?**

- Li enpòtan anpil pou w diskite sa w swete epi swen medikal ou ak Ranplasan an, fanmi w epi founisè swen sante w la pou yo ka onore sa w swete yo.
- Pataje kopi fòmilè sa a ak Ranplasan Swen Sante w la, doktè, enfimyè yo, swayan yo, fanmi ak zanmi si sa nesèsè.
- Kenbe yon kopi pou ou, mete l kote moun ka jwenn li san pwoblèm.
- Toujou revize fòmilè w yo aprè kèk ane epi aprè tout gwo pwoblèm sante paske sa w te swete yo kapab chanje.

### **E si m ta chanje ide?**

- Ou ka chanje ide nenpòt lè.
- Sa w swete e ou di moun konsènan tretman medikal ou a gendwa onore menm si yo diferan de sa w ekri nan fòmilè yo.
- Si sa w swete yo chanje, li t ap preferab pou w ranpli yon nouvo fòmilè epi aktyalize Ranplasan Swen Sante w la ak ekip medikal ou a.

**Tanpri, pale ak doktè w, pastè legliz ou, oswa avoka w la si w ta gen kesyon.**

**Ranplasan** an se yon moun ou kwè nan li, e ou nonmen pou pran desizyon medikal lè w malad twòp pou w pran pwòp desizyon w oswa ou paka pran desizyon men w ta vle ranplasan w lan pran desizyon nan plas ou. Ranplasan an dwe pran desizyon yo jan w di pou sa fèt nan Testaman w lan. Nan kèk sitiyasyon, yo ka mande Ranplasan an pou pran desizyon k ap pi bon pou ou. Souvan li toujou bon pou w chwazi fanmi w, men se pa tout tan.

### **Lè w chwazi yon Ranplasan konsidere:**

- Yon moun ki gen 18 lane oswa plis epi ki mantalman an mezi pou pran desizyon.
- Yon moun ki konprann valè sosyal, pèsònèl ak espirityèl ou epi k ap plede pou ou.
- Yon moun k ap onore epi k ap defann souwè ou menm lè yo diferan de pa li.
- Yon moun k ap disponib epi k ap travay byen ak ekip medikal la.
- Yon moun ki kapab jere sitiyasyon nan fanmi ki stresan.

### **E si m pa chwazi yon Ranplasan?**

Si twò malad ou paka pran pwòp desizyon ou epi w pa t chwazi yon Ranplasan, paran ki pi pwèch ou a se li menm k ap deside pou ou, kòmanse sou sa ki pi pwèch ou a:

1. Madanm/Mari
2. Pitit majè
3. Paran
4. Frè/Sè ki majè
5. Paran ki majè
6. Zanmi pèsònèl pwèch (pa affidavit notarye)



# Fòmilè Deziyasyon Ranplasan – Designation of Health Care Surrogate Form – Haitian Creole

Sizoka mwen I, (non konplè) (full name) \_\_\_\_\_, mwen paka pran pwòp desizyon mwen pou sante mwen, mwen chwazi kòm **Ranplasan mwen**:

**Non (Name):** \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ # Telefòn (Phone #)  
Non (First name) Siyati (Last Name)

**Adrès (Address):** \_\_\_\_\_

Si Ranplasan mwen an pata vle oswa li paka fè sa li ta dwe fè yo, mwen chwazi kòm **moun pou Ranplasan li**:

**Non (Name):** \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ # Telefòn (Phone #)  
Non (First name) Siyati (Last Name)

**Adrès (Address):** \_\_\_\_\_

Otorite Ranplasan mwen an kòmanse lè doktè mwen an(yo) detèmine ke mwen paka pran desizyon sante mwen pou kont mwen.

**Opsyonèl:** Mwen genyen opsyon tou pou chwazi pou otorite Ranplasan mwen an kòmanse kounye a menm menm lè mwen gen bon sans mwen, map siyen yonn ou lòt nan ka annapre yo:

**Mwen DWE met inisyal:**

\_\_\_\_\_ Ranplasan mwen an gen pouvwa pou resevwa enfòmasyon sou sante mwen pandan mwen ak tout bon  
*Inisyal* sans mwen.  
*Initial*

\_\_\_\_\_ Ranplasan mwen an gen pouvwa pou pran desizyon sou sante mwen pandan mwen ak tout  
*Inisyal* bon sans mwen. Men, nenpòt konsiy mwen bay oswa desizyon mwen pran pou sante mwen, ke se nan  
bouch ke se alekri, I ap ranplase nenpòt konsiy oswa desizyon Ranplasan mwen an te pran pandan  
mwen te an mezi pou fè li mwen menm.

Enstriksyon oswa restriksyon espesyal: \_\_\_\_\_  
(Additional Instructions (optional))

**Mwen otorize ranplasan mwen an pou pran desizyon ki gen pou wè ak sante mwen pou mwen, ki vle di li gen otorite pou:**

- Bay konsantman eklere, refize konsantman oswa retire konsantman nenpòt oswa tout swen sante mwen yo, menm pwosedi pou pwolonje lavi yo ladan li tou.
- Gen aksè a enfòmasyon sante mwen ki nesèsè pou ranplasan ka an pran desizyon ki konsènen swen sante mwen epi mande prestasyon pou mwen
- Aplike nan plas mwen pou prestasyon prive, piblik, leta oswa veteran pou peye frè swen sante yo.
- Deside pou fè don anatomik.

**Siyati Mwen:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_ **Lè:** \_\_\_\_\_  
(My Signature) (Date) (Time)

**1<sup>ye</sup> Temwen (obligatwa) (1<sup>st</sup> Witness (required):** \_\_\_\_\_ **2<sup>èm</sup> Temwen (obligatwa) (2<sup>nd</sup> Witness (required):** \_\_\_\_\_

**Siyati Temwen yo:** De obligatwa. Ranplasan Ou a **pa kapab** temwen. Sèlman yonn nan temwen yo kapab fanmi w oswa mari/madanm ou. Ou pa bezwen notè.

\_\_\_\_\_ OSWA \_\_\_\_\_  
 Telefòn  Videyo  
Pèsonèl Kalifye / Siyati Entèprèt (Verifye) Enprime Pèsonèl Kalifye / Non Entèprèt Nimewo ID Lang Entèprete  
Qualified Staff / Interpreter Signature (Check) Print Qualified Staff / Interpreter Name ID Number Language Interpreted



## ENFÒMASYON TESTAMAN – Living Will Information – Haitian Creole

**Testaman** an pèmèt ekip k ap pran swen w lan, fanmi w ak lòt moun pou yo konnen kisa w ta swete konsènan tretman pou kenbe lavi w epi kijan pou aplike yo nan swen sante w. Yo itilize **Tretman pou kenbe w an vi yo** lè w malad grav. Souvan tretman sa yo konn itil, men nan kèk sitiyasyon yo sèlman ajoute sou soufrans lan epi pwolonje pwosesis lanmò a. Diferans ant pwolonje lavi e pwolonje soufrans lan depan de kisa lavi vo pou ou. Anpil fwa, lè ou malad grav konsa ou ka pral mouri epi w pa kapab pale. Pati sa a pèmèt ou gen yon "vwa" nan swen ou yo lè w paka pale.

Tretman pou kenbe lavi yo gen ladan yo, men yo pa limite sèlman a **medikaman, operasyon, pwosedi envazif** tankou:

- **Entibasyon ak aparèy respiratwa oswa vantilasyon:** lè yo pase yon tib nan bouch ou al nan pumon w, oswa yon tib tracheostomi nan kou ou, pou yon machin ka ponpe lè nan poumon ou epi respire pou ou.
- **Alimantasyon Atifisyèl:** Li gen yon tib alimantasyon oswa yon TPN (sipò nitrisyonèl IV) si w paka vale.
- **Sewòm:** Pou idratasyon epi pou ba w medikaman
- **Transfizyon san:** pou mete lòt san oswa lòt pwodui sangen nan venn ou.
- **Dyaliz:** yon machin ki netwaye san w si ren w paka fonksyone

### FÒMILÈ TESTAMAN - LIVING WILL FORM – Haitian Creole

Mwen swete si m malad grav: (mete inisyal ou **SWA** nan Seksyon I oswa II pi ba a)

**Seksyon I. Mwen pa vle okenn tretman pou kenbe lavi si m nan yon:** (mete inisyal ou nan tout sa ki aplike yo)

\_\_\_\_\_ **Eta Vejetatif Pèsistan:** Yon kondisyon enkonsyans definitif, ki vle di ou paka aji ak mond lan epi pa gen  
*Inisyal* aksyon volontè oswa konpòtmanpanse.

\_\_\_\_\_ **Maladi Etap Final:** yon maladi irevèsib ki lakoz sante ap depafini nan pwenn kote tretman gendwa paka fè  
*Inisyal* anyen.

\_\_\_\_\_ **Maladi Tèminale:** yon maladi ki petèt pa gen okenn chans pou trete e yo espere li ka lakoz mouri san  
*Inisyal* tretman.

**Mwen** \_\_\_\_\_ (*Inisyal*) (initial) **oswa mwen pa** \_\_\_\_\_ (*Inisyal*) (initial) vle yo bay nitrisyon ak/oswa idratasyon atifisyèl nan tib nitrisyon oswa pa nitrisyon IV lè sa ap sèvi sèlman pou pwolonje pwosesis lanmò a.

Volontèman mwen fè konnen ke mwen pa vle yo pwolonje lanmò mwen atifisyèlman dapre sikonstans ki parafe pi wo yo. Mwen mande pou yo pèmèt mwen mouri natirèlman sèlman ak medikaman oswa fè tout pwosedi medikal yo wè ki nesèsè pou yo mete m alèz epi pou soulaje doulè mwen

### **OSWA**

**Seksyon II.**

\_\_\_\_\_ **Mwen anvi eseye** tretman ki kenbe lavi doktè m nanpanse ki ka ede m nan. Si tretman an **pa mache** e  
*Inisyal* gen espwa pou m ta miyò, **mwen pa bezwen** yo kenbe m nan machin pou m rete an vi.

Enstriksyon Adisyonèl (Opsyonèl): \_\_\_\_\_

Mwen mande pou fanmi mwen ak ekip medikal la fè sa m mande nan Testaman mwen an epi mwen aksepte konsekans chwa sa mwen fè yo. Mwen byenpanse.

Siyati Mwen (My Signature): \_\_\_\_\_ Dat (Date): \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ Lè (Time): \_\_\_\_\_

**1<sup>ye</sup> Temwen (obligatwa)** 1<sup>st</sup> Witness (required): \_\_\_\_\_

**2<sup>èm</sup> Temwen (obligatwa)** 2<sup>nd</sup> Witness (required) \_\_\_\_\_

**Siyati Temwen yo:** De obligatwa. Sèlman yonn nan temwen yo kapab se fanmi w oswa mari/madanm ou. Ou pa bezwen notè.

Telefòn

OSWA  Videyo

Pèsonèl Kalifye / Siyati Entèprèt  
Qualified Staff / Interpreter Signature

(Verify)  
(Check)

Enprime Pèsonèl Kalifye / Non Entèprèt  
Print Qualified Staff / Interpreter Name

Nimewo ID  
ID Number

Lang Entèprete  
Language Interpreted



Advance Directive Forms - Haitian Creole

Tab: Legal Forms and Consents

DH: Advance Directive/Living Will - FH Form

602-0754 (11/18) MPC 147596



Patient Label

**ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ KI ENPÒTAN KONSÈNAN SA W SWETE YO POU PATAJE AK FANMI W,  
EKIP SWEN SANTE A EPI RANPLASAN W LAN**

**ADDITIONAL IMPORTANT INFORMATION REGARDING YOUR WISHES TO SHARE WITH YOUR HEALTH CARE TEAM AND  
HEALTH CARE SURROGATE / FAMILY**

**Yon Testaman se PA yon òdonans "Pa Resisite" (DNR).  
A Living Will is NOT a "Do Not Resuscitate" (DNR) order.**

Si w pa bezwen Respirasyon Atifisyèl (CPR) si kè w ta bloke oswa ou sa sispann respire, ou dwe pale ak doktè w la pou yon òdonans "Pa Resisite" (DNR) (Allow Natural Death). Li enpòtan pou gen yon "òdonans DNR" espesyal ki di ekip medikal la kijan pou trete w sizoka kè w oswa poumon w ta sispann fonksyone. Sa pa vle di "Pa Trete" anvan kè a/poumon yo sispann fonksyone. Si w se yon pasyan, w ap resevwa swen ak tretman doktè w la rekòmande e ke ou menm ou aksepte. Tanpri pale ak founisè swen sante w la sou kondisyon sante w ak avantaj e enkonvenyan chak opsyon tretman.

**Reyanimasyon Kadyo-respiratwa (CPR)** se yon tantativ pou fè kè w oswa poumon w rekòmanse travay si yo te kanpe. CPR la ka genyen:

- Kompresyon nan pwatrin – fè gwo presyon sou pwatrin ou pou ka kenbe sikilasyon san an
- Defibrilasyon – chòk elektrik pou ka redemare kè a
- Medikaman nan venn ou
- Koneksyon nan yon tib respiratwa oswa vantilasyon.

Si CPR la mache, an jeneral y ap mete w nan Inite Swen Entansif nan yon aparèy respiratwa ak lòt terapi si sa nesesè.

Si w pa vle yo fè CPR sizoka kè w ta rete oswa ou ta sispann respire, w ap (oswa Ranplasan k ap decide pou ou a oswa moun pwòch ou k ap pran desizyon pou ou a) gen pou siyen yon Òdonans "Pa Resisite" (DNR) apa. Gen de tip de fòmilè DNR, yon espesyalman pou lopital e lòt la pou kominote. Founisè swen sante w la ka ba w plis enfòmasyon sou ki òdonans DNR ki pi bon pou ou tou depan de kisa w te swete.

Si w se pasyan lopital la, pale ak doktè w si w ta vle ranpli yon fòmilè pou yo Pa Resisite w.

Si w nan kominote a, ou ka telechaje epi enprime Fòmilè Pa Resisite Eta Florid la. W ap jwenn fòmilè a sou <http://www.floridahealth.gov/about-the-department-of-health/about-us/patient-rights-and-safety/do-not-resuscitate/index.html>. Fòmilè sa a dwe enprime sou papyè jòn epi ni ou menm, ni doktè w la dwe siyen li pou Sèvis Medikal Ijans Kominotè a ka onore li.

